

# Aplikasyon Lotri pou Lojman Lwaye

## Restriksyon sou Revni nan

### 346 Union, Somerville

Aplikasyon yo dwe ranpli epi yo dwe livre (se pa dat pou bay li lapòs) pou pi ta nan dat

4 Me 2023

Ou ka aplike anliy la:

[www.jotform.com/SEBHousing/union346](https://www.jotform.com/SEBHousing/union346)

This is an important document. If you require language interpretation, please contact the agent for this development directly (Union346@sebhousing.com or 617-782-6900 x1, x1) and request interpretation services in your own language. If the agent does not speak your primary language they will contact a translator who will provide language assistance.

Este es un documento importante. Si necesita su interpretación en algún idioma, comuníquese directamente con el agente de este desarrollo (Union346@sebhousing.com y 617-782-6900 x1, x1) y solicite servicios de interpretación en su propio idioma. Si el agente no habla su idioma principal, se pondrá en contacto con un traductor para que proporcione asistencia lingüística. Aplicación aquí, Paquete de información aquí

Este documento é importante. Se você precisar de interpretação de idioma, entre em contato diretamente com o agente para este desenvolvimento (Union346@sebhousing.com e 617-782-6900 x1, x1) e solicite serviços de interpretação em seu próprio idioma. Se o agente não falar seu idioma principal, ele entrará em contato com um tradutor que fornecerá assistência linguística. Candidate-se aqui, Pacote de informações aqui

Sa a se yon dokiman enpòtan. Si'w bezwen entèpretasyon lang, tanpri kontakte ajan pou devlopman sa a dirèkteman (Union346@sebhousing.com ak 617-782-6900 x1, x1) epi mande sèvis entèpretasyon nan pwòp lang ou. Si ajan an pa pale lang prensipal ou a yo pral kontakte yon tradiktè ki pral ba'w asistans lang. Aplikasyon isit la, Pake enfòmasyon isit la

यो एउटा महत्वपूर्ण कागजात हो । यदि तपाईंलाई भाषाको अनुवाद चाहिएमा, कृपया यो विकासको लागि एजेन्टलाई सोझे सम्पर्क गर्नुहोस् (Union346@sebhousing.com & 617-782-6900 x1, x1) र तपाईंको आफ्नै भाषामा अनुवादको सेवाहरू अनुरोध गर्नुहोस् । यदि एजेन्टले तपाईंको मुख्य भाषा नबोलेमा, तिनीहरूले भाषा सहयोग प्रदान गर्ने अनुवादकलाई सम्पर्क गर्नेछन् । आवेदन यहाँ जानकारी प्याकेट यहाँ

这是一份非常重要的文件，如果您需要语言翻译，请直接联系此开发代理(Union346@sebhousing.com & 617-782-6900 x1, x1)，并要求以您自己的语言提供口译服务。如果代理不能使用您的主要语言，他们会联系翻译人员，翻译人员会向您提供语言帮助。

這是一份非常重要的文件，如果您需要語言翻譯，請直接聯繫此開發代理(Union346@sebhousing.com & 617-782-6900 x1, x1)，並要求以您自己的語言提供口譯服務。如果代理不能使用您的主要語言，他們會聯繫翻譯人員，翻譯人員會向您提供語言幫助。

**PA VOYE APLIKASYON BAY 346 UNION (PWOPRIYETE A).**

**PA VOYE APLIKASYON BAY DEPATMAN LOJMAN SOMERVILLE.**

**TOUT APLIKASYON YO DWE RIVE NAN ADRÈS NEEDHAM KI ANBA A POU PITA 2 PM NAN DAT 4 Me 2023 SI OU TE VOYE APLIKASYON AN PA LAPOS E LI LIVRE APRE 2 PM NAN DAT 4 Me 2023, LI P'AP AKSEPTÉ (KIDONK SI W'AP VOYE LI PA LAPOS, ASIRE OU VOYE APLIKASYON OU AN OMWEN 1 SEMÈN AVAN DAT LIMIT POU SOUMÈT LI A).**

**Konsiy:**

Aplikasyon yo dwe ranpli epi yo dwe livre nan dat 4 Me 2023 a 2 pm pou pita. Aplikasyon sa a dwe ranpli totalman pou aplikasyon'w lan kapab trete. Chak espas yo bay pou inisyal yo dwe gen inisyal, menm si ou reponn "Pa Aplike". Si yon kesyon pa aplike pou ou, koche "Pa Aplike". PA KITE ANYEN VID.

**Tanpri gade paj apre a pou pri lwave ak limit revni epi li Pake Enfòmasyon an pou plis detay. Pou inite 50% ak 80% AMI yo, lwave pa chanje selon revni aplikan an epi lokatè yo pral responsab pou peye lwave konplè a poukонт yo. Aplikan ki gen Seksyon 8, MRVP, oswa lòt koupon yo ta dwe kontakte otorite lojman lokal yo anvan yo aplike pou yon kopi koupon, sètifica oswa dènye lèt lwave pataje yo.**

**APLIKASYON YO DWE LIVRE (SE PA DAT POU BAY LI LAPOS) POU PITA A 2:00 PM nan dat 4 Me 2023.**

Aplikasyon yo ka soumèt nan fason sa yo:

**RANPLI EPI VOYE APLIKASYON AN ANLIY LA: [www.jotform.com/SEBHousing/union346](http://www.jotform.com/SEBHousing/union346)**

Kourye: SEB Housing

Re: 346 Union

257 Hillside Ave

Needham, MA 02494

*Nòt: SEB Housing fèmen pou piblik la*

*kounye a men gen yon Bwat Depo SEB sou plas!*

OUNBYEN

OUNBYEN

Eskane/Imèl: info@sebhousing.com

OUNBYEN

Faks: 617-782-4500

*Si'w voye faks oswa eskane, asire'w ke'w transmèt tou de bò paj an doubl*

Lokal pou depoze nan Somerville:

373 Highland Ave (nan Somerville, men pa sou sit!)

*Anba anga vèt, bwat postal nwa*

*sou mi nan antre a*

*Nòt: Aplikasyon depoze nan*

373 Highland Ave Drop Box P'AP revize avan dat limit  
la



\*50% ak 80% Pri lwaye yo pa baze sou revni chak aplikan (sòf si yo deja gen yon koupon Seksyon 8 oswa yon lòt menm jan an). Revni minimòm pou inite 50% AMI se pou menaj ki pa deja gen yon koupon Seksyon 8 oswa sibvansyon menm jan an. Lwaye pou inite 110% yo chanje selon revni menaj la.

\*\* Tout sèvis publik yo se sou kouran, Lokatè yo responsab pou peye tout sèvis publik yo ankontan dlo ak egou. PA gen pakin nan batiman sa a. Lokatè ki gen machin ap bezwen fè aranjman pou pakin nan lari.

Tip Inite	Inite ki aksesib pou andikape (DA) ak moun ki gen pwoblèm pou tande (HI)	Revni Anyèl Bri Minimòm	Gwosè Minimòm Menaj	Gwosè Apwoksimatif (kapab chanje)	Kantite Douch	Nimewo Inite	Lwaye Mansyèl (pa konte sèvis publik + pakin **)
<b>Sèt (7) Apatman 50% AMI yo</b>							
Estidyo	1 DA	\$29,448*	1	427-458 pye kare	1	5	\$1,075
1 Chanm	1 DA	\$31,560*	1	503-546 pye kare	1	2	\$1,095
<b>Sèt (7) Apatman 80% AMI yo</b>							
Estidyo	1 HI	\$49,101	1	384-531 pye kare	1	6	\$1,418
1 Chanm	Pa Aplikab	\$49,101	1	531 pye kare	1	1	\$1,464
<b>Kat (4) Apatman 110% AMI yo</b>							
Estidyo	Pa Aplikab	\$78,301	1	353-486 pye kare	1	4	\$1,806-\$2,932*

\*\*Tanpri sonje, minimòm 80% ak 110% AMI yo montre yo baze sou gwosè yon menaj ki ekivalan a kantite chanm nan inite w la. Pou limit aktyèl revni MINIMÒM AK MAKIMÒM ki baze sou kantite menaj la pou 80% ak 110% inite yo, tanpri gade tablo ki anba a.

Limit Revni (Limit Revni yo se Revni BRIT)			
Kantite Moun nan Menaj ou	Revni maksimòm pou inite 50 % AMI	Revni Maksimòm ak Minimòm: inite 80% AMI	Revni Maksimòm ak Minimòm: inite 110% AMI
1	\$49,100	\$49,101 a \$78,300	\$78,301 a \$107,954
2	\$56,100	\$56,101 a \$89,500	\$89,501 a \$123,376



# Aplikasyon Lotri pou 346 Union

Tanpri bay tout enfòmasyon sa yo pou kontakte Chèf Menaj la:

Adrès imèl: \_\_\_\_\_ @ \_\_\_\_\_

*Tanpri note: Sa a se adres imèl nou pral itilize pou kominike avèk ou konsènan aplikasyon'w lan.*

Koche la a si ou PA vle imèl ou a antre nan listserv Lojman Enklizif Vil la

Tanpri sonje, si adrès imèl sa a te déjà itilize pou yon aplikasyon pou lotri ki déjà soumet, ou dwe koche youn nan de kare sa yo:

Koche la a si w'ap aplike ankò paske ou vle ranplase aplikasyon ou te fè déjà (n'ap voye yon imèl ba'w pou konfime ke yo retire aplikasyon ou te fè avan an soti nan konsiderasyon).

Koche la a si w'ap soumet yon aplikasyon sou non yon lòt moun ki pa gen yon adrès imèl oswa ki mande pou'w vin pwen kontak pa imèl pou aplikasyon yo.

Non Aplikan: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Telefòn Kay:(\_\_\_\_\_) Telefòn Travay:(\_\_\_\_\_)

Selilè:(\_\_\_\_\_) Anplwayè: \_\_\_\_\_

Ki jan ou te tande pale de opòtinite sa a?  Imèl  Sit Entènèt Vil la  Afich  Jounal  Fanmi/zanmi  
 Lòt \_\_\_\_\_

*Twa kesyon sa yo OCHWA epi yo pap afekte kalifikasyon'w nan okenn fason.*

Kisa ki pi byen dekri etnisite'w? (Chwazi youn)  Ispanik/Latino  Pa Ispanik/Latino

Ki ras chèf/ko-chèf menaj la? (Tanpri koche tout kaz ki aplikab):

Azyatik oswa zile Pasifik la  Endijèn Ameriken/Alaskan natif natal  Azyatik

Mwayen Oryan/Nò Afriken  Afriken Ameriken

Natif Awayi/Lòt Zile Pasifik  Blan  Nwa  Mawon  2 ou plis ras

Lòt: \_\_\_\_\_

Ki peyi orijin chèf/ko-chèf menaj la ?

(kesyon sa ochwa) \_\_\_\_\_

## **Èske w'ap travay pou vil Somerville, oswa èske'w gen manm fanmi ou**

**ki ap travay pou vil la?** Pa gen okenn preferans y'ap bay nan lotri a si ou menm oswa yon manm fanmi ou ap travay pou Vil Somerville. Sa a se tou senpleman yon divilgasyon. Note ke gen preferans pou moun ki travay nan vil Somerville, epi yo poze kesyon sa pita nan aplikasyon an.

WI    NON

## **PATI AN RELASYON**

Èske gen nenpòt manm nan menaj la ki gen lyen oswa anplwaye pa pwomotè a, John M Corcoran & Co oswa ki gen lyen oswa anplwaye pa Konpayi Jesyon Pwopriyete, Corcoran Management?

- Wi  
 Non

Si wi, tanpri eksplike relasyon an nan espas yo bay la a:

## **ARANJMAN REZONAB**

Moun ki gen andikap yo gen dwa mande yon aranjman rezonab nan règ, politik, pratik, oswa sèvis, oswa pou mande yon modifikasyon rezonab nan lojman an, lè aranjman oswa modifikasyon sa yo ta nesesè pou bay moun ki andikape yon opòtinite egal pou yo itilize ak jwi lojman an.

Èske gen moun nan menaj la ki gen nenpòt demann aksè oswa aranjman rezonab oswa chanjman nan yon inite oswa devlopman oswa lòt fason nou bezwen kominike avèk ou?

- Wi  
 Non

Si wi, tanpri eksplike nan espas yo bay la a oswa ekri yon deklarasyon ki siyen epi atache li:

## **LANGAJ**

Si gen yon lòt lang ki pa Anglè ke ou ta prefere kominike, tanpri endike isit la:

- Arab    Kreyòl Kap Vèt    Chinwa    Franse    Kreyòl Ayisyen    Nepali  
 Potigè    Ris    Espanyòl    Vyetnamyen    Lòt \_\_\_\_\_

## GWOSE/TIP MENAJ AK INITE

**Tanpri ranpli table sa a pou tout moun nan menaj la ki pral okipe apatman an.** Note ke timoun ki poko fèt nan premye oswa dezyèm trimès la pa ka konte kòm manm nan menaj ou (men timoun ki poko fèt nan twazyèm trimès yo ka konte kòm manm nan menaj ou dapre direktiv pwogram sa a).

Koup marye legalman dwe konsidere kòm manm nan menaj la sof si aplikan an ka bay verifikasyon ke menaj yo separe epi y'ap viv nan adrès separe. Verifikasyon an dwe yon kopi yon dokiman tribunal depoze ki montre ke yo te ranpli divòs/separasyon (si dokiman legal la montre adrès separe pou patnè yo), OSWA dokiman konjwen ki separe e abite nan adrès separe (tankou kopi kontra lwaye). Si pa gen okenn dokiman sa yo ki montre yo abite nan adrès separe, yon afidavi notarye de pati yo (oswa pati a si li pa san danje oswa posib pou tou de pati yo fè sa) ke yo ap separe epi yo pral abite nan adrès separe apati yon sèten dat. Minè/depandan yo ka konsidere kòm manm nan menaj la sèlman si chèf menaj yo gen gad fizik oswa reprezante titè legal yo pou 180 jou pa ane.

Epitou sonje ke manm menaj ki pa gen lyen e ki pa marye k'ap aplike ansanm ap bezwen bay verifikasyon ke yo ap viv ansanm aktyèlman nan moman Sètifikasyon Pwogram final la. Menaj ki pa marye e ki fiyanse ki pa gen yon istorik vi ansanm nan kay pa kalifye.

NON (PRENON, SIYATI)	LAJ <sup>1</sup> ( sa a pa ka "0" oswa "zewo", gade nòt anba a sou timoun ki poko fèt)	ESKE MOUN SA A YOUN NAN CHEF MENAJ <sup>2</sup> LA?	RELASYON AK APLIKAN KI NAN LIS ANLÈ PAJ SA A	ESKE MOUN SA SE YON ETIDYAN A PLENTAN OUBYEN LI PRAL VIN YON ETIDYAN A PLENTAN <sup>3</sup> NAN PWOCHEN 12 MWA YO?
		Wi Non		Wi Non
		Wi Non		Wi Non
		Wi Non		Wi Non

Ou DWE ansèkle Y oswa N pou kesyon Chèf Menaj la ak kesyon etidyan ki nan table ki anwo a pou CHAK manm nan menaj la. Tanpri sonje ke yon etidyan a plentan kalifye pou yon inite ki gen restriksyon sou revni sèlman si li se yon ko-chèf menaj la ak yon moun ki PA yon etidyan a plentan epi yo ap viv ansanm aktyèlman epi yo pral abite ansanm nan pwopriyete sa a.

1 Yo ka mete timoun ki poko fèt nan table sa a sèlman si yo nan twazyèm trimès yo (e nan ka sa yo, ekri "poko fèt, dat akouchman an se..." epi mete dat akouchman yo). Pou timoun ki gen ant 0-12 mwa, ou dwe presize laj yo an mwa (egzanp: "5 mwa"). Pa mete laj yo kòm "0".

2 Yon chèf menaj se nenpòt moun ki gen plis pase 18 lane ki pa nan lis kòm yon depandan sou taks yon lòt moun ki okipe apatman an.  
3 Etidyan a plentan defini pa biwo rejistrasyon lekòl la.

### Ou bezwen yon inite aksesib pou moun ki andikape?

WI  NON

Si WI, apre lotri a, yo pral mande verifikasyon pou bezwen inite aksesib apre lotri a pou resevwa yon preferans pou yon inite aksesib.

### Èske'w bezwen karakteristik inite pou moun ki gen pwoblèm tandem?

WI  NON

Si WI, apre tiraj lotri a, yo pral mande verifikasyon pou bezwen inite ki gen karakteristik pou moun ki gen pwoblèm tandem yo pou resevwa yon preferans pou yon inite aksesib ak pwoblèm tandem.

Tanpri koche **tout gwosè** inite w'ap aplike pou yo. Ou ka aplike pou plis pase yon gwosè inite.

Estidyo

1 Chanm

### **ENFÒMASYON SOU PREFERANS SOMERVILLE (OU DWE KOCHE "WI" OSWA "NON")**

**Èske w'ap viv oswa travay a plentan aktyèlman nan Somerville?**

WI    NON

Si WI, tanpri sonje ke apre lotri a, w'ap oblige soumèt dokiman ki detaye nan paragraf ki anba a pou resevwa preferans. Moun ki make "Wi" la men ki pa ka verifye preferans sa a apre lotri a pral soti nèt nan tout Lis Atant kote yo mete yo atravè lotri a.

Si w'ap viv aktyèlman nan Somerville, apre tiraj lotri a, w'ap oblige soumèt yon kopi dènye bòdwo sèvis publik ou, oswa yon kopi yon kontra lwaye aktyèl la, oswa yon kopi yon relve labank, oswa yon kopi bòdwo telefòn selilè ou, oswa enskripsyon'w kòm elektè. Dokiman an dwe aktyalize epi li dwe genyen non ak adrès aplikan an nan Somerville.

Si w'ap travay a plentan aktyèlman nan Somerville, apre lotri a, w'ap oblige soumèt swa (A) dènye souch pèman ou ki montre adrès Somerville kote w'ap travay plis pase 32 èdtan pa semèn oswa, si souch ou pa montre detay sa yo, ou bezwen soumèt (B) yon deklarasyon ki siyen pa anplwayè ou sou papye ak antèt konpayi a ki endike adrès travay la, non anplwaye a ak kantite èdtan ou travay pa semèn (an mwayèn) nan Somerville nan travay sa a.

### **PWOPRIYETE KAY (ANTOURE "WI" OUBYEN "NON")**

**Èske gen moun ki nan lis aplikasyon sa a ki posede yon kay aktyèlman?**

WI    NON

Tanpri sonje ke aplikan ki posede pwopriyete oswa enterè nan yon pwopriyete nan peyi Etazini oswa aletranje, oswa ki gen non yo sou yon papye kay oswa yon ipotèk nan sètifikasyon pwogram yo pa kalifye pou yon apatman ki gen restriksyon sou revni.

### **REVNI**

**Èske w'ap resevwa aktyèlman oswa èske'w gen yon seksyon 8 mobil oswa koupon oswa sètifikasi MRVP?**

WI    NON

*Ajan Lotri a pa fè diskriminasyon selon sous revni. Kesyon sa a poze nan objektif sèlman pou detèmine kapasite pou peye lwaye.*

## **ENSTRIKSYON POU RANPLI TABLO REVNI ANBA A**

Tanpri ranpli Tablo Revni ki nan paj apre a. Pou rezon **detèminasyon revni**, "Menaj" vle di tout moun ki gen non yo parèt sou kontra lwave a, epi tou tout moun ki gen entansyon okipe inite lojman an kòm rezidans prensipal pèmanan yo, menm si yo pa parèt nan kontra lwave a. Note ke koup marye legalman dwe konsidere kòm manm nan menaj la **sof si** aplikan an ka bay verifikasyon ke menaj yo separe epi k'ap viv nan adrès separe. Verifikasyon an dwe kopi yon dokiman tribinal depoze ki montre ke yo te ranpli divòs/separasyon (si dokiman legal la montre adrès separe pou patnè yo), OSWA dokiman konjwen ki separe e ki abite nan adrès separe a (tankou kopi kontra lwave yo). Si pa gen okenn dokiman sa yo ki montre abite nan adrès separe, yon afidavi notarye de pati yo (oswa pati a si li pa san danje oswa posib pou tou de pati yo fè sa) ke yo ap separe epi yo pral abite nan adrès separe apati yon sèten dat. Yo pral konte revni *tout* moun nan menaj la, sof revni travay pou moun ki poko gen 18 lane oswa nenpòt revni ki plis pase \$480/ane etidyan a plentan ki depandan (men tanpri sonje dokimante sou revni depandan sa yo dwe soumèt kannmen).

### **Tanpri note:**

1. Revni bri ki soti nan aktyèl salè, tep, elatriye se kantite lajan total, anvan nenpòt dediksyon, epi li se kantite lajan yo itilize pou detèmine estimasyon revni aktyèl chak ane.
2. Pou aplikan ki se travayè endependan yo - mete non kontra a oswa travay la nan espas yo bay la. Yo pral dirije'w a tout dokiman adisyonèl w'ap bezwen soumèt nan **Seksyon 2**.
3. "Revni Enterè" vle di nenpòt kantite lajan ou resevwa sou nenpòt byen sof pou 1) nenpòt enterè oswa dividand ou touche nan yon kont retrèt tradisyonèl (jan HUD 5 defini sa) paske vil Somerville pa konsidere sa yo kòm revni ak 2) kantite lajan ki soti nan yon kont retrèt oswa 401K paske sa yo ale sou liy "pansyon" oswa "fon retrèt".

Ou dwe fè lis tout sous revni BRI nan Tablo Revni an. Si yon seksyon pa aplike, pase trè oswa ekri Pa Aplikab. Anvan'w rezève yon inite ki gen restriksyon sou revni, w'ap mande'w pou'w soumèt deklarasyon detaye pou CHAK SOUS REVNI pou chak manm nan menaj la.

Apre tiraj lotri a, yo pral mande'w pou'w atache dokiman sipò sou fòm sis (6) souch pèman youn apre lòt pi resan ak/oswa deklarasyon revni pou tout sous revni, relve labank pou twa (3) mwa youn apre lòt, deklarasyon W-2 ak dènye deklarasyon taks sou revni federal yo (ajoute tout atachman ak amandman) pou chak manm nan menaj la.

<b>Sous Revni</b>	<b>Revni Anyèl BRI</b>
Revni/Salè Travay pou TOUT manm nan menaj la:	\$
Revni/Salè travay endepandan pou TOUT manm nan menaj la:	\$
Sipò Anyèl Timoun Resevwa:	\$
Alimony Anyèl Resevwa:	\$
Revni Sekirite Sosyal total Anyèl ak SSDI pou TOUT manm nan menaj la:	\$
Revni Pansyon anyèl yo resevwa nan tout sous:	\$
Distribisyon total yo pran chak ane sou TOUT Kont retrèt yo:	\$
Total Salè Chomaj Prevwa pou 12 Pwochèn Mwa yo (nòt: PA konte FPUC ( <i>Konpansasyon Federal Chomaj an rapò ak Pandemi</i> ) paske FPUC PA konte pou Pwogram sa a):	\$
Total Konpansasyon Travayè Prevwa pou Pwochen 12 Mwa:	\$
Total Pèman Preyavi Prevwa Pou Pwochen 12 Mwa:	\$
TAFDC/EAEDC	\$
Revni Etidyan a Plentan (18 Lane ak Plis Sèlman)	\$
Total pèman peryodik ki soti nan fanmi/zanmi ak Kado Regilye pou yon ane: <i>(sa vle di èd pou peye lwaye resevwa nan men fanmi an)</i>	\$
Revni Enterè/Dividand (PA konte nenpòt enterè oswa dividand ki soti nan kont retrèt):	\$
Si ou posede yon pwopriyete epi ou resevwa lwaye, kantite total revni anyèl pou lokasyon ki soti nan byen imobilye ou:	\$

**PLIS KESYON SOU REVNI SOU PWOCHEN PAJ LA!**

## KESYON SOU REVNI ADISYONEL:

- Koche la si gen revni Bonis ki PA reflete nan tablo ki anlè a (tankou bonis fen ane, ogmantasyon prevwa) epi answit bay revni bonis ou espere nan kare ki anba a (egzanp: "John Doe pral resevwa yon bonis \$1,000 nan fen ane kalandriye a" epi answit "\$1,000")

Detay sou revni bonis:	Revni Bonis espere sou pwochen 12 mwa yo : \$
------------------------	--

- Koche la a si gen nenpòt lòt revni ki PA reflete nan tablo ak kare ki anwo yo.

" Lòt" Detay Revni (sa yo pa ta dwe parèt okenn kote nan tablo ki anwo a):	Revni total espere nan "Lòt" sous sou pwochen 12 mwa : \$
--	--

Kounye a totalize tout revni ki nan Tablo Revni an (nan paj anvan an) ak de bwat ki anwo yo. **Revni Anyèl Total Menaj** ou se:

\$
----

*Ou ta dwe konpare Revni Total Anyèl Menaj ou a nan kare ki anwo a ak limit revni yo montre nan kòmansman Aplikasyon Lotri sa a.*

Tanpri ranpli table ki anba a ak **Enfòmasyon sou Byen** moun nan menaj ou. Note ke si nenpòt moun nan menaj la te depouye tèt li de yon byen pou mwens pase valè lajan kach prezan total ak jis nan byen a nan 2 lane anvan aplikasyon sa a, valè lajan kach konplè ak jis nan byen a nan moman dispozisyon li yo dwe ajoute nan table ki anwo a.

<b>Byen ki pa Fon Retrèt</b>	<b>Montan</b>
Kantite Total nan tout Kont kouran:	\$
Kantite Total nan tout Kont Epay:	\$
Kantite Total nan tout kont Venmo/Paypal/Cash-App:	\$
Kantite Total nan Fidisi (ke ou ka aksede a yo):	\$
Kantite Total nan Sètifikasi/CD:	\$
Kantite Total nan Koupon Epay/Obligasyon:	\$
Kantite Total nan Fon Mityèl:	\$
Kantite Total nan Kont Lajan Mache:	\$
Kantite Lajan Total nan Gad Lajan (lajan kach nan men, kriptodeviz, elatriye):	\$
Èske ou menm oswa nenpòt lòt moun ki sou aplikasyon sa a posede pwopriyete aktyèlman OSWA èske ou menm oswa nenpòt lòt moun ki sou Sètifikasyon sa a gen dwa pou resevwa nenpòt kantite lajan nan lavant nenpòt pwopriyete? (kounye a oswa atravè yon antant tribinal k'ap vini) <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	\$
Si WI, mete Total Ekite Nèt (Valè Estimasyon an mwens ipotèk oswa prè ki pokò peye) sou tout byen imobilye yo posede nan bwat ki sou bò dwat la epi sonje pwopriyete sa a dwe vann anvan Sètifikasyon Revni	
<b>Sòm Total Byen ki pa Fon Retrèt</b>	\$

Nòt: "Sòm Total Byen ki pa Fon Retrèt" dwe pi ba pase \$250,000 pou kalifikasyon nan lotri sa a.

<b>Byen Retrèt</b>	<b>Montan</b>
Tanpri sonje, se sèlman kantite lajan ki nan kont/pwodwi pou retrèt gouvenèman rekonèt ki dwe ekri isit la. Si w'ap itilize yon lòt tip byen kòm yon ekonomi oswa yon envestisman pou pran retrèt ou, tanpri sonje ke yo ta dwe ekri nan seksyon ki pi wo a "byen ki pa fon retrèt".	
Balans Total nan 401(K) yo:	\$
Balans Total nan IRA yo:	\$
Total Balans nan Anwite:	\$
Balans Total nan tout lòt kont pou retrèt a taks defere:	\$
<b>Sòm Total Byen Retrèt</b>	\$

Nòt: pa gen okenn limit avantaj pou Byen Retrèt nan lotri sa a.

**Kounye a ou dwe li, siyen epi mete dat  
nan pwochen paj la.**

## Tanpri li chak pwen ki anba a ak anpil atansyon anvan ou siyen.

1. Mwen deklare sou pèn ak penalite pou fo temwayaj ke enfòmasyon ki bay sou chak paj aplikasyon sa a se verite e kòrèk. Mwen konprann ke si nenpòt sous revni oswa byen pa divilge nan aplikasyon sa a, oswa nenpòt enfòmasyon ki bay la a pa vre epi egzat, yo ka retire aplikasyon sa a imedyatman nan konsiderasyon epi mwen p'ap otorize avanse nan pwosesis la ankò oswa rezèv yon inite.
2. Mwen dakò pou'm soumèt tout dokiman ki nesesè pou verifye nenpòt ak tout reklamasyon ki fèt nan aplikasyon sa a nan dat limit SEB Housing, Vil Somerville ak/oswa Konpayi Jesyon an ban mwen.
3. Mwen konprann ke aplikasyon sa a ap enkonplè si mwen pa siyen epi mete dat sou paj sa a ak inisyal nan tout pwen ki endike pou sa nan aplikasyon an.
4. Moun ki siyen anba sètifye ke okenn nan moun ki nan aplikasyon sa a, oswa fanmi yo, pa gen yon enterè finansye nan devlopman an e okenn nan moun ki nan aplikasyon sa a pa ka konsidere kòm yon pati an relasyon selon direktiv lojman abòdab ki regile pwopriyete sa a.
5. Moun ki siyen anba sètifye ke inite abòdab la pral rezidans prensipal moun ki siyen an epi moun ki siyen an pa kapab posede yon kay yon lòt kote oswa nan fidisi pandan y'ap viv nan yon inite abòdab.
6. Mwen konprann ke akò kontra lwave oswa rezidans pou inite ki pral okipe atravè pwogram lojman abòdab sa a kapab anile si nenpòt nan enfòmasyon ki anwo yo pa vrè e egzat.
7. Mwen konprann ke sa a se yon aplikasyon preliminè e enfòmasyon yo bay yo **pa** garanti lojman.
8. Mwen konprann sa a se pa yon aplikasyon kontra lwave epi si yo bay opòtinite pou avanse nan pwosesis pou lwe yon apatman abòdab, mwen pral bezwen ranpli yon aplikasyon pou lwave nan biwo kontra lwave a kote kalifikasyon kontra lwave mwen pral detèmine pa lòt faktè tankou pwen kredi, istorik lokatè ak kontwòl kriminèl.
9. Mwen konprann ke nenpòt chanjman materyèl nan revni oswa byen moun nan menaj mwen, oswa chanjman nan konpozisyon menaj la, ki rive apre soumisyon aplikasyon sa a ka fè'm pa kalifye pou lojman abòdab.
10. Ko-siyatè ak garan yo **pa** otorize.
11. Mwen rekonèt ke si yo bay adres imèl mwen an nan aplikasyon sa a, SEB Housing ap kominike avèk mwen pa imèl pito ke pa lapòs lapòs sof si mwen fè yon demann alekri otreman. Mwen konprann ke nenpòt chanjman nan enfòmasyon kontak mwen dwe rapòt bay SEB Housing alekri.
12. Mwen rekonèt ke detèminasyon kalifikasyon SEB Housing baze sou direktiv ki regile Pwogram Lojman Abòdab pou devlopman an e, poutèt sa, esepte nenpòt erè konfime pa SEB Housing nan aplike direktiv yo ak/oswa kalkile revni, desizyon an final epi mwen dakò anplis pou mwen pa kenbe SEB Housing responsab de okenn reklamasyon (yo) ki gen rapò ak aplikasyon sa a.
13. Moun ki siyen anba yo bay konsantman a Vil Somerville, SEB Housing LLC ak John M Corcoran & Co oswa moun k'ap travay yo pou verifye enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a. Moun ki siyen anba an otorize divilgasyon enfòmasyon ki nesesè pou detèmine revni ak byen ki soti nan referans yon twazyèm pati.
14. Mwen konprann ke si mwen okipe yon apatman ki gen restriksyon sou revni, mwen dwe soumèt dokiman sou revni ak byen chak ane.
15. Mwen rekonèt ke si mwen te deja soumèt yon aplikasyon pou lotri sa a, aplikasyon sa a pral domine e konplètman ranplase nenpòt ak tout aplikasyon ki te fèt anvan yo, epi li pral anile nenpòt Nimewo Aplikasyon oswa avi apwobasyon ki gen rapò ak nenpòt e tout sa ki te soumèt anvan yo.

---

Siyati Aplikan

Dat

---

Siyati Aplikan

Dat

**Atache tout dokiman yo jan yo mande yo sou paj kouvèti a.** Pou Keson kontakte [info@SEBHousing.com](mailto:info@SEBHousing.com) oubyen (617) 782-6900 x1. Devlopman sa a pa fè diskriminasyon nan seleksyon aplikyan yo sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, zansèt, timoun, kondisyon familyal, enfòmasyon jenetik, eta sivil, moun k'ap resevwa asistans publik, reliyion, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, estati veteran/militè, oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi.

